



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DISKOU YO JAN YO TE PREPARE L LA: GOUVÈNÈ HOCHUL PREZANTE DISKOU
ETA LETA A POU 2025 LA**

***Fè Nouyòk vin pi abòdab nan koupe taks pou plis pase 8.3 milyon Nouyòkè klas
mwayèn, voye chèk ranbousman enflasyon ak elaji Kredi Enpo pou Timoun lan***

***Priyozize sekirite metwo an patenarya ak Vil Nouyòk pou ogmante prezans NYPD
sou platfòm ak tren yo; investì nan amelyorasyon sekirite***

***Sipòte timoun Nouyòk yo lè yo lanse 'Dekonekte epi Jwe' pou ede yo detache ak
telefòn yo epi rete aktif***

***Abòde kriz lojman an nan atake fòs antrepriz yo k ap ogmante pri kay ak lwaye
yo, bati sou akò sou lojman transfòmatif ane pase a***

***Pou bati mendèv demen an, Nouyòk pral ofri kolèj kominotè SUNY ak CUNY
gratis pou elèv adilt yo k ap pouswiv karyè ki gen demann yo***

***201 pwopozisyon transfòmatif pral mete lajan nan pòch Nouyòkè yo, fè Nouyòk
vin pi abòdab epi rann lari ak tren nou yo vin pi an sekirite***

Liv Diskou Eta Leta 2025 la disponib [la a](#)

Mèsi ak klèje nou yo paske yo raple nou prezans Bondye nan lavi nou.

Mwen vle remèsye Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins. Prezidan Carl Heastie, mèsi paske w te akeyi m pandan twa dènye ane yo nan chanm Asanble a. Pwokirè Jeneral Tish James, Kontwolè Tom DiNapoli, Gouvènè Adjwen Antonio Delgado, Lidè Majorite Asanble a Crystal Peoples-Stokes, Lidè Minorite Sena a Rob Ortt, Lidè Minorite Asanble a Will Barclay, Jij Tribinal Apèl Nouyòk la, Majistra Vil Nouyòk la Eric Adams, ak Majistra ak Chèf Egzekitif Konte a atravè Eta a, Repezantan sendika yo ak envite distenge, manm kabinè mwen an, Sekretè Karen Persichilli Keogh, ekip direksyon Chanm Egzekitif la, ak mwen trè fyè pou m rekonèt Premye Mesye (Premye Òm) Nouyòk la William Hochul.

Kòlèg Nouyòkè m yo, pandan n ap reflechi sou Diskou Eta pou gran Eta nou an, Empire State, gen de bagay ki klè pou mwen. Lavni nou depann de kapasite chak fanmi pou peye bagay ki esansyèl nan lavi, ak kapasite nou pou pwoteje sekirite rezidan nou yo. Men nou pa pral reyalize objektif sa yo san yon batay.

Kidonk, angajman mwen anvè chak Nouyòkè se: Fanmi ou se batay mwen. Se sa ki te enspirasyon ak fòs motris pou tout sa nou te fè pandan twa dènye ane yo.

Lè nou te ogmante salè minimòm lan epi endekse li ak enflasyon an, se paske mwen kwè ke lè depans yo ap ogmante salè ou ta dwe ogmante tou.

Lè nou te ajoute djòb ak ranfòse asistans ekolaj, finansman edikasyon, ak investisman transpò piblik nan pi wo nivo nan listwa, se paske fanmi ou merite pi bon opòtinite pou siksè.

Lè nou te goumen ak konpayi asirans yo epi nou te mete fen nan kopeman pou ensilin, se paske sante fanmi w te pi enpòtan pase pwofi konpayi asirans yo.

Lè nou te goumen pou konje prenatal peye, se pou fanm ansent yo ka jwenn swen medikal san yo pa pèdi revni yo paske sante tibebe w la ak fanmi w ta dwe toujou vini an premye.

Lè nou te atake gwo rezo sosyal yo, nou te leve kanpe kont yon lame lobiyist ak pouswit jidisyè epi nou te genyen, se te pou sispann fliks adiktif ki mete pwofi antrepriz yo anvan sante mantal pitit ou yo.

Lè nou te sekirize politik lojman ki pi enpòtan nan tout eta a nan senkant ane epi nou te afime ke Vil Nouyòk se Vil Wi, sa te montre nou konprann ke yon kay pou fanmi ou vle di tout bagay.

Nou te fè tout bagay sa yo paske fanmi ou merite plis lajan nan pòch yo ak yon kote yo fyè pou yo rele lakay yo.

Men, mwen konnen travay nou pa fini.

Enkyetid sou krim ak lit pou debwouye ou yo twò komen. Eta nou an dwe vivab epi moun yo dwe kapab gen mwayen pou yo viv ladan li. Nou dwe kontinye goumen pou fanmi ak timoun Nouyòk yo. Epi kontinye sèvi yo.

Lari ak tren ki an sekirite.

Bon travay ak salè ki pi wo.

Lojman ki vrèman abòdab.

Epi transpò piblik rapid ak enfrastrikti ki fyab.

Jodi a, mwen pral pataje vizyon MWEN pou yon Nouyòk kote moun k ap travay di yo ka avanse, kote timoun yo ka jwe san danje nan katye yo, kote opòtinite yo anpil, epi kote yo fòje chanpyon yo.

Se konsa mwen te santi m pandan m t ap grandi.

Paran yo te kapab mete manje sou tab yo paske yo te gen bon travay sendika nan faktori asye yo oswa nan izin Ford oswa GM. Yo te toujou kwè ke pitit yo ta gen menm opòtinite a oswa opòtinite ki pi bon toujou.

Sa pa vle di li pa te difisil pafwa. Paran mwen te kòmanse lavi matrimonyal nan yon pak trelè kote frè m lan te fèt. Lè m te fèt, nou te demenaje nan yon apatman restrenn nan lonb izin asye a kote papa m ak tonton m ak granpapa m te travay.

Manman an te fè ekonomi pou l nourri sa ki te vin tounen yon fanmi ki gen uit moun. Li te fè sandwich ak pen ki ekspire ki soti nan frizè epi li te achte rad nou ak pèman pasyèl. Men, nou pa janm santi nou kwense pa sikonstans nou. Epi nou pa te janm pèdi espwa.

Lè m te gen 13 zan, je m te fikse sou manto plastik wouj ki trè elegan sa a nan yon magazen pou fanm nan Main Street. Se te yon ekstravagans ke mwen te konnen ke mwen pa janm ka mande paran mwen peye li. Kidonk, mwen te ekonomize chak santim mwen te fè nan veye timoun - 50 santim pa èdtan - jiskaske mwen te kapab peye li pou kont mwen. Li te pran plizyè mwa men achte rad sa a ak pwòp lajan mwen sa te fè mwen santi se te tankou yon siksè. Se prèv yon jèn adolesan ke ak travay di ak pèsèverans tout bagay te posib.

Men, jis kèk ane apre magazen sa a ak anpil magazen ki bò kote li te fèmen pòt yo. Magazen Senk pou dis santim, kontwa soda a, dènye magazen rad ki te rete yo: tout fin ale. Se te nan ane 1970 yo. Enflasyon an te nan 13 pousan. Yo pa te ka kontwole krim yo. Izin yo te fèmen. Tè nou yo ak lè nou yo ak dlo nou yo te tèlman polye. Mond lan t ap chanje.

Epi anpil kominote te pèdi faktori, te pran frape di, epi yo te gen difikilte pou yo rekanpe. Kit moun yo te travay nan Bethlehem Steel nan Buffalo, Kodak nan Rochester, Carrier nan Syracuse, Endicott Johnson nan Southern Tier oswa Northrup Grumman nan Long Island, pandan ane yo, moun yo te santi yo trayi yo. Chak nan senk frè ak sè m yo te oblije kite kay la paske travay yo te pi plis nan lòt eta yo.

Sa te vrèman fè mal. Se pa sèlman travay yo ki t ap disparèt. Espwa te disparèt tou.

Mwen di ou sa se pa pou ba ou yon leson istwa men pou ranfòse rezon ki fè batay sa yo tèlman pèsonel mwen. Mwen toujou santi tankou sa te rive yè. Sa a se pa sèlman istwa. Se menm jan milènè yo te santi yo an 2008 lè Gran Resesyon an te sabote avni yo.

Mwen pa janm vle moun nan Eta sa a, vwazen nou yo, gen menm sansasyon enkyetid sa a ki te tèlman pwopaje lè mwen te pi piti. Se poutèt sa mwen deside rete epi goumen. Pandan m te temwen lit ak doulè moun yo te neglije yo, sa te enspire m pou m kandida pou yon pòs, pou m vin yon vwa pou kominote ki te tonbe nan moman difisil yo, paske m te viv eksperyans sa a.

Jodi a, mwen konnen twò byen... Nouyòkè yo gen difikilte. Enflasyon. Pri lwaye ki wo. Salè ki bay enpresyon yo pa ka kenbe. Yon ekonomi k ap chanje. Yon foul k ap arive sanzatann ak gwo bezwen yo ak yon mond ki enstab.

Se poutèt sa mwen goumen jou apre jou pou fè Nouyòk vin pi an sekirite, pi an sante, pi pwòp, ak pi abòdab pou ou menm ak fanmi ou.

Paske, jan mwen te di a: fanmi ou se batay mwen.

Yè, mwen te rankontre ak plis pase 200 elèv lekòl segondè ak elèv nan Kolèj Kominotè Hudson Valley ki soti toupatou nan Distri Kapital la. Yo te pataje espwa yo ak kesyon sou lavni. Ann tande yo dirèkteman!

[Segman videyo]

Vizit mwen an yè a se te yon rapèl pou ki moun n ap goumen epi ke nou dwe montre yo, jèn sa yo, ke yo ka pwospere isit la – ke se la avni yo ye.

Kite m di nou sa— yon diskou eta leta a kapab plen ak bèl pawòl epi li toujou pa reponn ak bezwen pèp la. Mwen kwè ke li bezwen pi plis pase jis mo nòb. Li ta dwe yon plan konkrè ki pral bay rezilta aktyèl ke pèp la pral santi. Se sa Nouyòkè yo atann epi se sa nou pral wè jodi a: yon plan odasye ki reyalizab pou 2025 ki adrese abòdabilite ak sekirite piblik tèt pou tèt.

Ann kòmanse ak abòdabilite ak fason mwen planifye pou remete lajan nan pòch nou.

Premyèman, m ap mande yon gwo rediksyon taks sou revni klas mwayèn nan k ap benefisye 8.3 milyon kontribyab ki mwens pase 323,000 dola. Rediksyon taks mwen pwopoze jodi a epi mwen pral goumen pou li nan mwa k ap vini yo pral bay to taks ki pi ba nan sèt deseni epi sove 1 milya dola pou moun k ap travay di yo.

Pou kont li, se yon viktwa istorik pou Nouyòkè yo nan batay pou abòdabilite a. Men, sa se jis kòmansman an.

Reyalite a se ke anpil ameriken, pa sèlman Nouyòkè yp, te frape anpil pa enflasyon depi COVID. Akoz pri yo te monte revni taks sou lavant nou an te monte tou. Men mwen kwè sa: lajan anplis sa a pa gen plas li nan kès leta, li dwe tounen nan pòch ou.

Epi se poutèt sa mwen pwopoze premye ranbousman enflasyon nan nasyon an. Dapre plan mwen an, n ap remèt dè MILYA dola nan resèt sipli sou taks sou lavant yo

dirèkteman bay 8.6 milyon Nouyòkè k ap travay di. M ap pale de granmoun aje yo, dènye gradye yo, fanmi ki fè mwens pase 300,000 dola pa ane. Sa fè yon diferans. Twasan dola pou yon moun an patikilye. Senksan dola pou fanmi yo. Sa se lajan reyèl k ap tounen nan pòch ou.

Kidonk, ann tcheke: kisa nou genyen jiskaprezan? Yon rediksyon istorik nan klas mwayèn nan taks, chèk ranbousman enflasyon... men se pa tout sa a.

Fanmi ki gen timoun yo bezwen plis soulajman. Epi kòm premye Manman Gouvènè Nouyòk la, Mwen konnen pèsonèlman premye ane yo se ane pi chè: kouchèt, lèt, rad k ap vin pi piti chak twa mwa. Epi se poutèt sa an 2023, mwen te di ann rann Kredi Enpo pou Timoun nou an disponib pou timoun ki poko gen kat ane pou premye fwa, sa k ap pwolonje yon liy finansye vital pou plis pase 600,000 fanmi. Paske li te fè zewo sans pou mwen ke kredi sa a te kòmanse sèlman lè timoun yo te prèske nan klas jadendanfan.

Jis kèk jou de sa, mwen te rankontre Tasia Brown, yon manman twa timoun ki gen ladan yon timoun de zan. Li te di ke lè li te resewa yon chèk ane pase a, li te santi tankou se anivèsè nesans li. Li peye bòdwo sèvis piblik li a, li achte kèk pwovizyon siplemantè epi li menm te envite timoun li yo pou dine san enkyete.

Ane sa a mwen vle sipòte fanmi nou yo plis toujou lè mwen triple benefis maksimòm lan nan 1000 dola pou tibebe ak timoun ki gen laj jiska kat ane. Epi an 2026 nou pral ogmante kredi pou timoun ki gen laj pou ale lekòl yo pou 500 dola. Pou paran yo, sa vle di plis manje sou tab la ak plis pwovizyon nan valiz 2.7 milyon timoun.

Si ou panse ak sa, li fè bon sans sou plan ekonomik. Chak dola ki envesti nan kredi taks pou timoun ap jenere yon dola ak 25 santim nan aktivite ekonomik. Sa depanse nan magazen lokal yo, pou ede biznis lokal nou yo.

Gen yon lòt faktè depans pou fanmi nou bezwen fè fas ak yo: gadri pou timoun. Gadri ka koute plis pase 21,000 dola pa ane. Reflech sou sa: sa 155 pousan pi wo pase frè okolaj nan yon kolèj piblik. Se tankou peye yon dezyèm lwaye pou anpil fanmi.

Epi mwen konnen ki jan li difisil pou viv san gadri paske mwen te viv li. Lè pitit mwen yo te piti mwen te oblije kite travay mwen paske mwen pa te kapab jwenn gadri aksesib ak abòdab. Tout sa mwen te travay pou yo te deraye. Mwen pa te konnen ki jan mwen ta remete karyè mwen tounen sou ray. Epi mwen konnen anpil manman atravè Nouyòk ka rakonte menm istwa a.

Mwen vle fè patenarya ak lejislati a epi mete eta nou an sou yon chemen gadri inivèsèl.

Sa vrèman enpòtan anpil.

Nou pral dedye 110 milyon dola pou konstwi nouvo sant gadri, renouvle sant ki deja egziste yo, epi elaji opsyon pou fanmi ak kominote yo toupatou nan Nouyòk. Epi nou pral etabli yon gwoup pwofesyonèl gadri ranplasan pou yon moun toujou disponib.

Pandan timoun yo ap vin pi gran, nou dwe sipòte yo tou yon fwa yo ale lekòl. Sa kòmanse ak premye repa ki pi enpòtan nan jounen an: dejene epi apre dine.

Rechèch la klè anpil. Timoun ki grandi grangou yo fè nòt ki pi ba nan tès yo epi yo bay mwen rezilta. Sa fè m mal antanke manman m panse ak vant timoun piti yo k ap gwonde pandan yo lekòl pandan yo sipoze aprann. Nou pa ka tolere sa a ankò nan peyi ki pi rich nan mond lan. Pa nan Etazini epi definitivman pa nan gran eta Nouyòk la.

Dapre pwopozisyon mwen an, chak timoun pral jwenn dejene gratis ak dine gratis nan lekòl la pou timoun ki nan bezwen ka epaye anbarasman ak estigma ki lye ak demake yo kamarad klas yo.

Epi mwen fyè pou m di ke gen kèk moun isit la ki pral fè rèv sa a vin yon realite: pèsònèl manjelekòl nan Distri Lekòl Albany an. Yo travay di anpil. Tanpri kanpe epi ann ba yo yon aplodisman.

Epi si ou te janm oblije prepare timoun yo pou lekòl nan maten an, answit ou konnen ke ou pa gen pou prepare dejene ak dine se yon kado presye, byen ki pi presye pou paran ki twoublye yo. Plis ekonomi yo: jiska mil sis san (1600) dola pa timoun chak ane tounen nan bous ou.

Zanmi m yo, tout sa m ap pale yo totalize jiska prèske 5000 dola. Oh, ou pa kwè mwen? Rale telefòn selilè ou oswa kalkilatris ou epi ou ka verifye li.

Ann wè kisa sa vle di pou yon fanmi ki genyen, ann ta di... de timoun piti (sa fè 2,000 dola) ak youn ki gen laj pou ale lekòl (sa fè yon lòt 500 dola). Ekonomi chak ane pou repa lekòl (1,600 dola), ajoute 500 pou ranbousman fanmi ou, plis rediksyon taks. Kounye a, nou ap apwoche 5,000 dola reyèl k ap tounen nan pòch ou.

Se konsa nou fè eta nou an vin pi abòdab. Epi nou p ap janm sispann jwenn fason pou nou remete lajan nan pòch Nouyòkè yo. Sa a se yon bagay mwen te fè chak ane kòm Gouvènè.

Men, gen yon lòt batay mwen pral kontinye mennen: Eta nou an dwe vivab ak sekirite. Batay mwen pou fanmi w vle di tou ke Nouyòkè yo santi yo an sekirite nan lari yo, nan tren nou yo, ak nan kominote nou yo.

Nou pral fè sa ak mezi bon sans ke tout moun ka kanpe dèyè yo. Paske moun yo ta dwe kapab ale nan travay nan maten, ale nan yon teyat, jwi restoran enkwayab nou yo san yo pa pè vyolans pa aza oswa eskive yon moun nan mitan yon kriz sante mantal.

Nou pa ka pèmèt tren nou an tounen yon refij anbilan pou sanzabri yo. Nou te deja investi 1 milya dola nan refòm sistèm sante mantal nou an, plis sipò pase nenpòt lòt nan istwa Nouyòk. Apre sa, mwen vle remèsye lejislati a ki fè patenarya avè m sou sa. Kòm yon pati nan investisman sa a, ekip devwe yo travay lajounen kou lannwit pou ede fè moun ki malad grav ak sanzabri yo soti nan metro nou yo pou yo antre nan lojman sipò yo.

Men nou konnen li pa ase. Lwa nou yo dwe pi fò toujou. Se poutèt sa mwen dispoze leve kanpe epi di nou bezwen elaji entènman envolontè nan yon lopital pou enkli yon moun ki pa posede kapasite mantal pou pran swen tèt yo tankou refize èd ak bagay debaz yo: rad, manje,abri, swen medikal.

Kounye a, moun k ap kritike yo pral di sa kriminalize povrete oswa sitiyasyon sanzabri. Mwen di sa toutafè fo.

Sa a gen pou wè ak imanite ak konpasyon pou ede moun ki pa kapab ede tèt yo, èt imen parèy nou ki soufri maladi mantal ki literalman mete lavi yo ak lavi lòt moun an danje.

Julie LeClaire Neches se yon defansè enfatigab ki konnen enpòtans swen konpasyon. Li te pèdi pitit fi li Alix apre yon batay long ak maladi mantal. Alix se te yon jèn fanm briyant ki te ale nan Dartmouth ak NYU epi ki te reve pou l te yon ekriven. Julie kwè ke pitit fi li a ta toujou la avèk nou jodi a si te gen lwa ki pi solid sou entènman envolontè epi si yo pa te libere pitit fi li a nan lopital la twò bonè. Tanpri leve kanpe, Julie. Epi nou remèsye ou pou vwa ou.

Nou bezwen tou ranfòse Lwa Kendra a pou moun ki gen pwoblèm sante mantal grav ki antre nan tretman alontèm olye pou yo fè ale-retou nan sistèm nan oswa viv nan lari yo.

Mwen konnen fraz "entènmanman envolontè" fè moun sonje enstitisyon ki te sanble ak prizon nan tan lontan an. Men, se pa objektif pwopozisyon sa yo. Nou nan yon epòk ki diferan kounye a. Kòm rezilta politik nou yo pandan twa dènye ane yo, nou te refasone sistèm sante mantal nou an ak plis doktè, plis kabann, opsyon tretman ki pi efikas ak yon atitid ki gen plis konpasyon anvè swen.

Ann jis onèt: pa gen okenn konpasyon lè nou kite moun ap soufri san tretman nan lari yo. Epi pa gen okenn konpasyon pou kite moun mete tèt yo oswa lòt moun an danje.

Koulye a, ann retounen nan sekirite nan tren an. Pou diminye krim ak laperèz pou krim nou te deplwaye plis pase 1,250 pèsonèl eta, ki gen ladan Lapolis Eta ak Gad Nasyonal la, pou sipòte efò NYPD nan tren an. Apre sa, mwen ensiste ke chak tren gen kamera. Nou ranfòse lwa kont atak sou vwayajè yo ak travayè MTA yo epi nou rasyonnalize kowòdinasyon ant DA nou yo ak fòs lòd yo pou asire krim yo pini rapidman. Nou te mete baryè nan estasyon yo pou anpeche yo pouse moun yo sou ray yo. Men, nou bezwen akselere efò sa yo.

Premyèman, nan travay ak Majistra Adams, nou pral ogmante aplikasyon lwa plis toujou. Mwen vle wè polis ak inifòm sou platfòm yo, men sa ki pi enpòtan, nou pral mete yon ofisye nan chak tren, nan lannwit - 9 p.m. jiska 5 am – pandan sis pwochen mwa yo epi eta a pral sipòte efò sa yo finansyèman.

Enfrazstrikti fizik la dwe vin pi an sekirite tou. Sou direksyon mwen, MTA a pral enstale plis baryè nan 100 estasyon adisyonèl ansanm ak limyè LED ki klere nan chak estasyon nan fen ane sa a. Epi yo pral finalman sispann fwodè san wont yo ak pòtay modènize. Sa a pral non sèlman fè tren an mwens kawotik, li pral ede ranfòse baz finansye MTA a. Epi nou pral etabli sant triyaj nan fen tout gwo wout yo kote moun ka desann epi jwenn asistans 24/24, 7/7

Sa a se plan jwèt la: Plis polis kote yo bezwen yo, enfrazstrikti sekirite, ak entèvansyon enpòtan pou ede sanzabri yo ak malad mantal yo jwenn èd yo bezwen olye pou yo souffri nan tren yo epi pou yo fè vwayajè yo pè.

Paske mwen di ase. Kawo a dwe fini.

Nan batay m ap kontinye mennen pou sekirite fanmi w, m ap atake vyolans domestik tou – sitou lè li rive nan kay ki gen timoun. Manman mwen te yon defansè pou sivivan vyolans domestik. Anvan li te mouri, nou te travay kòt a kòt pou kreye yon refij san danje pou fanm ak timoun ki te viktim abi yo. Li ta tèlman fyè de travay n ap fè jodi a. N ap travay tou ak fès lèd yo pou arete ak pouswiv vyolè yo epi retire zam nan men abizè yo.

Nan sa ki gen pou wè ak residivis yo, mwen vle yo soti nan lari yo. Epi mwen vle jij yo nan tout eta a sèvi ak tout pouvwa yo dapre dènye chanjman nan lwa sou libète sou kosyon nou an pou sispann sik libète san sès kote yo bere delenkan yo ankò san konsekans sèlman pou komèt krim ankò. Epi mwen pral goumen pou finalman fèmen brèch yo ki te kreye nan lwa dekouvèt nou yo ki retade jijman ak mennen nan ka yo jete pou detay teknik minè yo.

Pwoteje timoun yo sou entènèt se yon lòt fason mwen pral goumen pou fanmi w.

Jan mwen te fè referans lan pi bonè, Nouyòk se te premye eta nan nasyon an ki te pwoteje jèn yo kont algorit rezon sosyal ki adiktif yo – li te reyisi kote lòt eta yo te echwe. Koulye a, nou pral atake nouvo danje ak sa k ap evolye yo epi defann timoun nou yo kont wobo Entelijans Atifisyèl (AI) danjere yo ki pase kòm zanmi. Sa fè pati efò kontinyèl nou pou fè sante mantal jèn yo vin yon pi gwo priyorite, sa enkli nan envesti plis nan premye swen sante mantal ak klinik nan lekòl yo.

Men, pou nou vrèman libere timoun nou yo anba rezon sosyal nou dwe ba yo kote ki an sekirite pou yo kapab tou senpleman timoun. Se jis bon sans.

Se poutèt sa mwen lanse inisyativ "Unplug and Play" (Dekonekte epi Jwe) la.

N ap konstwi nouvo lakou rekreyasyon epi kreye plizyè santèn milye nouvo opòtinite pou timoun yo rantre nan klèb mizik ak teyat, òganizasyon volontè jèn yo, ak ekip espò yo.

Aktivite sa yo pote transfòmasyon. Jis mande Brian Hernandez-Lopez ki la avèk nou jodi a. Brian te antre nan Ring of Hope Boxing Club nan Schenectady nan laj de 13 zan. Li te di antrenè nan moman sa a, "Mwen jis bezwen kèk fason pou defann tèt mwen." Apre sa, li te tonbe renmen li, pa sèlman espò a men sa li te fè l santi. Li te santi li fò epi ranpli ak espwa. Konfyans li te kapab afwonte nenpòt bagay, konplètman. Jodi a, Brian ap fini Diplòm Asosye li kòm yon etidyan finisan nan lekòl segondè pandan l ap antrene timoun ki pi piti nan klèb la. Oh, avni li tèlman pi briyan kounye a. Epi se pouvwa pwogram jèn nou yo. Brian– tanpri leve kanpe.

Mwen te pale jiska prezan sou ajanda abòdabilite ak sekirite piblik nou an. Koulye a, ann ale nan yon bagay ke mwen kwè tou ki se jis bon sans.

Yon kay ki estab se fondasyon pou yon lavi ki estab. Men, pou twòp Nouyòkè, se yon revè ki sanble parèt enposib pou atenn. Epi mwen pa premye moun ki di sa, men lwaye a vrèman twò wo! Epi sa valab pou ipotèk moun yo tou. Lojman se nimewo en motè kriz abòdabilite nou an. Epi sèl fason pou diminye depans pou lojman se ogmante rezèv la. Nou bezwen bati, epi bati, epi bati pi plis toujou.

Nan premye diskou Eta Leta mwen an, mwen te devwale yon plan anbisyè pou konstwi oswa prezève 100,000 inite nan senk ane. Mwen fyè dèske nou rive nan mwatye wout nan objektif nou epi nou devan pwogram lan. Men, gen plis bagay ki dwe fèt. Annou investi 100 milyon dola anplis nan devlopman lokal anplis 650 milyon dola nou te investi pou kominote an favè lojman ane pase a.

Estrateji sible pou pwopriyete kay sa a gen ladan: 100 milyon dola pou konstwi kay demaraj yo epi bay asistans pou pèman inisyas pou moun k ap achte premye fwa yo. Epi m ap pwopoze yon medyat è devlopman lojman pou rasyonnalize apwobasyon yo epi pou demare pi bonè.

Epi nou dwe pran yon pozisyon fèm kont konpayi ekite prive yo ki trangle mache lojman atravè peyi a. Nou tout te wè li: Yon jèn fanmi jwenn kay yo t ap chèche a, yo rasanble chak dola yo genyen, epi answit yo pèdi akòz yon òf lajan kach ke yon sosyete san figi, san non ki pa gen okenn koneksyon ak kominote a fè. Pwopriyete antrepriz yo lwe estòck lojman nou an pou yon lokasyon akoutèm oswa sa ki pi mal menm yo jis kite kay yo rete vid pandan valè yo ap monte.

Se poutèt sa Nouyòk pral fè yon bagay ke pa gen okenn lòt eta nan nasyon an ki te fè li epi entèdi konpayi kapital investisman yo fè òf sou pwopriyete nan 75 premye jou yo sou mache a. Se konsa nou asire kay pou yon sèl fanmi ak pou de fanmi rete disponib pou fanmi ke yo te bati kay yo pou yo. Epi se konsa nou rann aksè ak pwopriyete kay posib pou plis Nouyòkè. Nou pral entèdi tou lojisyèl ki fikse pri ki moute pri lwaye yo epi ki koute lokatè yo 3.8 milya dola pa ane.

Kòm nou te wè nan batay ki sot pase nou yo, nou pa ka debloke tout potansyèl mache lojman an san yon batay. Se konsa bagay la ye. Nouyòkè yo atann nan men nou. Mwen pa kapab epi mwen pap fè bak.

Epi n ap montre menm anbisyon an nan investisman nou yo nan transpò paske travay nou se pou mennen w kote w bezwen ale sou wout, ak pon, ak otobis, ak tren ak metwo ki an sekirite. Epi nenpòt kote sa posib, mete plis tan nan jounen ou.

Jis semèn pase a, mwen te monte Metro North kote mwen te di pasaje yo mwen vle amelyore estasyon yo epi redwi tan pou vwayaje ant Manhattan ak Poughkeepsie. Jiska 15 minit nan chak sans. Sa ap ekonomize vwayajè yo jiska 130 èdtan nan yon ane. Sa a benefisye moun tankou Helene Brown ki la avèk nou jodi a. Li travay nan CUNY epi li fè vwayaj nan vil la chak jou soti nan Yonkers. Ak tout pasaje sa yo mwen te rankontre sou Long Island Rail Road Vandredi, estrateji nou an ofri pi bon vwayaj pou ou tou.

Depi lè mwen vin Gouvènè, n ap konstwi gwo travay piblik, an preparasyon pandan plizyè deseni, epu n ap kreye plizyè dizèn milye bon travay sendika. Pwojè tankou Gateway Tunnel sou Hudson, pi gwo pwojè enfrastrikti finanse nan Etazini jodi a, ansanm ak pwolonje Metwo Second Avenue nan East Harlem, elimine yon dezè transpò piblik ak kreye aksè ak travay ki pi byen peye, ak Interborough Express pou konekte Brooklyn ak Queens. Rekonekte kominote tankou Syracuse ki te koupe pa I-81 ak bati yon nouvo Pon Livingston Avenue isit la nan Albany.

Ane sa a m ap sipòte yon Plan Kapital MTA. Nou dwe mete fen nan plizyè deseni echèk pou n fè investisman difisil men ki nesèsè nan enfrastrikti enpòtan sa a. Si nou pa rive fè sa a, avni sistèm transpò piblik nou an ak fòs ekonomik eta nou an ka vin an danje.

Nou pa ka pale de lavni san nou pa pale de edikasyon. Li se gwo opòtinite egalizasyon pou tout moun.

Diplòm kolèj papa m te fè fanmi m soti nan povrete epi li te louvri pòt pou travay ki pi byen peye. Travay ak lejislati a pandan de dènye ane yo, nou te plis pase DOUBLE asistans pou ekolaj nan SUNY ak CUNY epi nou te ogmante elijibilite.

Epi, koulye a nou pral pi solid: nou pral fè kolèj kominotè konplètman gratis pou elèv ki gen laj 25-55 ane ki antre nan domèn ki gen gwo demann yo tankou fabrikasyon avanse, edikasyon ak swen sante. Sa a se yon ekonomi reyèl pou Nouyòkè k ap pouswiv nouvo karyè epi li remèt lajan nan pòch yo pandan y ap okipe yon pòs travay nan endistri enpòtan sa yo.

Nou pa janm bliye ke ti biznis Nouyòk yo se poto prensipal kominote ki solid. Pliske m te ede manman m ak sè m kòmanse biznis yo, mwen konprann defi yo fè fas ak yo. Nou dwe kreye yon anviwonman kote ti biznis yo santi ke gouvènman an pa sou do yo men bò kote yo.

Revolisyon Endistriyèl la galvanize vil toupatou nan Nouyòk. Men, pwogrè ekonomik sa a te gen yon gwo konsekans. Izin yo voye fatra ak pwodui chimik nan Lake Erie. Mwen te wè li. Mwen sonje lè m te timoun, m te t ap pase sou pwason ki te mouri ak santi sou plaj la epi m te wè syèl la plen ak lafimen koulè oranj. Jodi a pandan n ap inogire yon nouvo revolisyon inovasyon nou dwe aprann de erè sa yo.

Nou sèlman bezwen gade dife mòtèl nan Los Angeles la pou yon rapèl sou ki jan mond nou an frajil ak ki sa lavni an pral rezève si nou sakrifye manman lanati nan enterè pwofi nou. Nou voye yon panse pou tout moun nan Kalifòni ki pèdi kay ak pèdi pwòch yo. Mwen rekonesan pou ponpye yo ki te travay 24 sou 24 pou defann kominote yo kont miray dife yo. Epi mwen vrèman fyè de Gad Nasyonal Nouyòk la ki te deplwaye pou ede nan Kalifòni. Mwen konnen nou pral jwenn mwen pou w di yon priyè an silans pou sekirite yo ak tout moun ki soufri nan trajedi terib sa a.

Jodi a nou genyen tou youn nan ponpye brav NOU yo la avèk nou: Chèf Alex Nicholas. Sèlman kèk mwa de sa nan Catskills, li te nan premye liy batay kont youn nan pi move dife sovaj eta nou an te janm konnen.

Epi se pa sèlman dife sovaj. Nan kèk ane ki sot pase yo, nou te fè eksperyans chalè rekò, sechrès, inondasyon, tònad, tanpèt nèj, siklòn. Batay mwen pou fanmi w vle di tou anpeche katastwòf sa yo vin yon nouvo nòmal pou nou. Paske nou se vrèman premye jenerasyon ki fè eksperyans efè chanjman klimatik la epi nou se dènye jenerasyon ki ka fè yon bagay pou sa. Se poutèt sa, malgre opozisyon entans, mwen te siyen Lwa Sipèfond Chanjman Klimatik (Climate Change Superfund Act) la ke lejislati a te adopte epi mwen te deklare se gwo polyè antrepriz yo ki ta dwe peye pou konsekans chanjman klimatik yo olye kontribyab Nouyòk yo. Epi chak eta ta dwe suiv egzanp nou.

Nou te rekomande pou redwi emisyon kabòn ak enèji ewolyèn olaj zòn kot Long Island ak enèji idwoelektrik k ap soti Kebèk pou alimante Vil Nouyòk. Epi ane sa a m ap mande yon investisman istorik 1 milya dola pou fè tranzisyon davantaj pou pase nan yon ekonomi zewo emisyon.

Nou pral konstwi tou sit enèji pou elektrik pou endistri vèt la, kalite efò ki te ede nou dekwoche investisman istorik Micron, 100 milya dola ki te kreye 50,000 djòb nan Nò Eta Nouyòk. Ekonomi alavni an: Fabrikasyon mikwo-pis, sant done ak sipè òdinatè ki alimante AI bezwen gwo kantite enèji. Pou sipòte endistri sa yo, nou te deja kòmanse devlope yon estrateji nikleyè avanse. Sa a se yon bon investisman.

Entèlijans Atifisyèl sèlman prevwa estimile 320 milya dola kwasans ekonomik nan eta nou an dis 2038, sa k ap transfòme domèn soti nan agrikilti rive nan medikaman. Se poutèt sa nou te lanse Empire AI ane pase a: pou nou konstwi sipèkonpitè ki pi pwisan nan peyi a pou rechèch akademik epi pwofite teknoloji sa a pou debon.

Tout sa a antre nan kad efò nou pou kreye yon ekonomi dirab ki ka kenbe tèt ak eprèv tan an – paske pa gen okenn plan B si nou echwe.

Poukisa li enpòtan anpil pou mwen? Paske batay mwen an pou fanmi w gen ladan l'asire w ke pitit ou yo ak pitit pitit ou yo ka jwenn travay nan tan kap vini yo isit la, ki mache ak enèji pwòp.

Kounye a, mwen te soulinye jis kèk eleman nan plan batay mwen an. Mwen asire w ke gen plis pase 200 pwopozisyon nan liv Eta Leta nou an, epi mwen sèten nou tout pa ka tann pou li l'aswè a. Sa a se plan 2025 nou an pandan n ap kontinye batay pou timoun ak fanmi Nouyòk yo.

Kidonk, ann rezime: Diminye krim, bese taks, investi nan gadri ak edikasyon, travay, nouvo kay, enèji pwòp, ti biznis ak bati yon ekonomi solid ki pral dire pou anpil jenerasyon.

Wi, li odasye: men jan Wayne Gretzky te di "ou rate 100 pousan nan chans ke ou pa tante yo." Epi m ap toujou tante chans lan.

Mwen te pale anpil jodi a sou fanmi yo ak chans mwen te tante epi ke mwen pral tante yo. Epi sa te fè m reflechi sou pwòp fanmi m, sitou sou papa m ki te mouri sanzatan lè m t ap vwayaje nan peyi Izrayèl la apre atak teworis 7 oktòb la.

Jis anvan mwen te monte vòl ta nan mitan lannwit sa a pou ale nan yon zòn lagè, mwen te fè sa ki t ap dènye apèl mwen ak li. Li te di, "Dolly... Mwen tèlman fyè de ou. Men, evite pwoblèm, bay vag tandè."

M regrèt, papa, mwen pa ka bay vag. Paske ou te anseye m ke ou pa konn bay vag – ou lanse w nan batay ki nesèsè yo. Epi ou toujou di, lè bagay yo vin difisil, li lakoz ou vin pi fò. Ou fè konpetisyon epi ou fè konpetisyon ki difisil. Epi pami tout valè paran m yo te pase banm mwen, sa ki pi enpòtan an se pou mwen toujou konbat bon konba a. Se lespri batay, konpetitif Nouyòk la ki fè nou gran anpil.

Nou wè lespri grandè sa a lakay chanpyon nou yo tankou New York Liberty, ki te ale jwe devan dè milye fanatik nan Sant Konte Westchester a epi twazan pita li vin tounen chanpyon nasyonal devan fowl moun gichè fèmen ki te gen anpil antouzyas – Timeless Torches enkwayab sa yo te aplodi yo.

Nou wè sa nan Buffalo Bills yo kote yo te rate plizyè ane nan faz eliminasyon yo, kounye a yo pare pou vin gran ak pwòp MVP pa nou Josh Allen k ap mennen bak la, k ap ini Nouyòkè toupatou nan "Bill-ieve" lan ankò.

Men, se PA viktwa ki defini chanpyon an. Se sa yo fè lè yo tonbe. Retounen nan batay la.

Epi se pa sèlman atlèt vedèt nou yo ki anbrase lespri konpetitif sa a. Li enskri nan ADN tout moun ki rele tèt yo yon Nouyòkè. Rezistanl, couraje, rezilyan, fyè, entrepid fas ak advèsite. Se Nouyòk sa a ke mwen te temwen nan tout kwen nan Eta sa a.

Mwen tranble devan fòs fanmi nou yo, granmoun aje nou yo, elèv nou yo, pwofesè nou yo, fèmye nou yo, veteran nou yo, antreprenè nou yo.

Kòm Jillian Hanesworth te di nan powèm li an "lakay nou, solèy la toujou leve." Wi li leve, Jillian. Solèy la TOUJOU leve nan Nouyòk. Mwen tèlman fyè pou m dirije Eta sa a atravè advèsite.

Twazan de sa lè mwen te antre an fonksyon, eta nou an te nan kriz epi nou te pran mezi desizif pou redrese bato a. Epi malgre anpil defi ki rete y, nou toujou wè solèy la k ap klere.

Nou wè sa nan plis pase 1 milyon nouvo biznis ki te ouvri atravè eta nou an depi lè mwen te antre an fonksyon. Nan 740,000 travay sektè prive nou te ajoute yo. Nou wè sa lè kominote LGBTQ+ nou an santi li an sekirite pou yo vin aksepte tèt yo. Nou wè sa lè Nouyòkè ki gen andikap yo santi yo jwenn sipò epi yo ekipe yo. Epi nou wè sa nan anbyans ak vitalite ki te retounen nan gwo vil nou yo soti nan Buffalo rive nan Vil Nouyòk kote twotwa yo gen anpil moun, restoran yo chaje, epi Broadway la tounen.

Kidonk, menm pandan n ap kontinye konsantre sou anpil Nouyòkè ki bezwen èd, ann rezoud jodi a pou n pran pwoblèm yo avèk yon kè ak yon nanm ki ranpli ak optimis... ak yon lafwa nan avni nou.

Se konsa nou te simonte Gran Depresyon an, enflasyon nan ane 70 yo ak chit endistri, 11/09, Gran Resesyon an ak yon Pandemi Mondyal. Paske sa a se Empire State la: yon kote ki toule leve kanpe ankò. Nou simonte advèsite. Se moun sa nou ye. Epi nou pral asire w ke lè moun yo tonbe, yo ka leve kanpe imedyatman ankò.

Paske fanmi ou se batay mwen, epi mwen p ap janm sispann batay pou pèp nan gran Eta Nouyòk la.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)